

# MASYARAKAT LAN BUDAYA JAWA

## TUJUWAN PASINAON

- Sawise nyinau wulangan iki, para siswa diajab bisa:
- Nyemak manekawarna jinise artikel lan njelasake strukture teks artikel,
- Maca teks artikel banjur njelasake isine artikel,
- Nganalisis lan nanggapi isine artikel, lan
- Nulis artikel sedherhana.

## MATERI

Jroning piwulangan iki kegiatan nyemak sing kudu dilakoni dening para siswa yaiku nyemak maneka warna jinise artikel lan njelasake strukture teks artikel. Nanging sadurunge ngrembug bab artikel luwih dhisik kudu dingerteni apa sing diarani artikel?

Sing diarani artikel yaiku karangan kang isine kanyatan (fakta) lan panemu (opini) sing ditulis kanggo kaperluan dipacak utawa dipublikasekake ing medhiya cithak apadene medhiya sosial. Artikel nduweni tujuan kanggo ngandharake gagasan kang dijangkepi anane dhata-dhata lan kanyatan (fakta) sing diandharake kanthi wujud tulisan. Sing diarani artikel yaiku karangan kang isine kanyatan (fakta) lan panemu (opini) sing ditulis kanggo kaperluan dipacak utawa dipublikasekake ing medhiya cithak apadene medhiya sosial. Artikel nduweni tujuan kanggo ngandharake gagasan kang dijangkepi anane dhata-dhata lan kanyatan (fakta) sing diandharake kanthi wujud tulisan. Sawijine artikel bisa ng yakinake, menehi piwulang, lan kena kanggo aweh panglipur tumrap sing maca. Artikel biasane disebarake lumantar koran, majalah, buletin, lan sapanunggalane.

Ing Kamus Besar Bahasa Indonesia (KBBI), artikel yaiku karya tulis jangkep, tuladhane laporan pawarta utawa esai ing majalah, kalawarti, lan sapanunggalane. Artikel kuwi karangan nonfiksi kang njlentrehake sawijine pokok perkara kanggo dimot ing kalawarti, majalah, buletin, lan medhia liyane.

Jinise artikel **adhedhasar carane ngandharake lan tataran angel gampang**, yaiku kaya ing ngisor iki.

1. **Artikel praktis**, yaiku artikel sing ngutamakake keprigelan tinimbang kawruh. Artikel iki biasane awujud naratif (crita), tegese andharan sing ditulis diurutake mawa urutan wektu, prastawa, utawa tataran (tahapan). Upamane artikel pituduh carane nggawe samubarang, utawa maneh cara-carane ndandani lan nggunakake sawijine alat.
2. **Artikel entheng**, yaiku artikel sing ngrembug masalah sing entheng-entheng lan ora mbutuhake pemikiran sing jero. Biasane panulis nulis artikel sarana dikantheni banyolan (humor) utawa kanggo aweh panglipur marang sing maca, nanging isine ya tetep informatif. Jroning maca artikel iki para pamaca ora perlu konsentrasi sing luwih jero. Artikel kaya ngene iki bisa ditemokake jroning majalah remaja, koran utawa blog ing internet.
3. **Artikel opini** (panemu), sejatine sakabehing artikel iku sakjane mujudake opini (panemu). Nanging jinis artikel iki mung ana ing sajrone majalah utawa koran sing duwe panggonan utawa rubrik khusus. Olehe nyeleh ing panggonan khusus iki upamane ing pojok, kolom, tajuk rencana, lan liya-liyane. Biasane artikel iki ngrembug sawijine masalah kanthi jero lan nandhes, dadi sing nulis artikel iki kudu bener-bener wong sing ahli ing bidhange.
4. **Artikel ilmiah** (analisis ahli), iki luwih abot tinimbang artikel liyane. Artikel jinis iki isine laporan sistematis ngenani asil panaliten utawa kajian, upamane skripsi, tesis, disertasi, lan panaliten liyane. Sing dadi ciri khase yaiku carane ngandharake ora dawa-dawa nemen nanging ora nyuda nilai keilmiahane. Artikel iki biasane digunakake jroning jurnal-jurnal ilmiah. Bedane, artikel liyane bisa nggunakake basa populer, dene artikel iki kudu nggunakake basa baku utawa ilmiah.

**Adhedhasar isine**, jinise artikel uga bisa diperang dadi pirang-pirangane jinis kaya ing ngisor iki.

1. **Artikel eksposisi**, artikel kang isine njlentrehake babagan tartamtu kanthi rinci sarana nggatekake anane kanyatan (fakta-fakta) sing jangkep lan jelas. Rumus 5W + 1H mujudake kunci sing bisa digunakake kanggo nguji kejangkepne tulisan senajan tulisane ringkes. Pawarta ing koran mujudake conto artikel eksposisi sing paling gampang ditemokake.

2. **Artikel narasi** (uga diarani crita), jroning artikel narasi nyritakake sawijine kedadeyan utawa crita kang olehe nyritakake mawa rerangkene urutan wektu. Mulane anane sawijine paraga (tokoh) lan kejelasan urutane wektu dadi unsur sing paling penting. Narasi bisa awujud fiksi utawa kanyatan (fakta), contone biografi. Narasi bisa uga awujud nonfiksi, contone crita cekak utawa novel.
3. **Artikel argumentasi**, artikel kang isine menahi panemu lan gagasan utawa teyori sebab akibat sawijine kedadeyan kang dikantheni alesan sing jelas lan klebu nalar. Tujuwan kanggo mrabawani (memengaruhi) wong kang maca supaya luwih yakin lan ngakoni isine tulisan kasebut.
4. **Artikel dheskripsi**, artikel kang nggambarake sawijine bab utawa kadadeyan sing dideleng kanthi langsung kang bisa njalari sapa wae sing maca kaya-kaya ndeleng dhewe, ngrungokake, ngrasakake utawa ngalami dhewe. Tujuwane supaya bisa dingerteni kedadeyan satemene utawa sabenero.
5. **Artikel persuasi**, artikel sing isine ajakan utawa pambujuk supaya wong-wong sing maca padha gelem nindakake apa kang dadi karepe panulis. Jroning artikel iki kudu dikantheni anane conto kang nyata lan alesan-alesan sing kuwat. Contone artikel persuasi, ajakan kanggo urip sehat, ajakan supaya awet nom, tetep sehat lan kuwat senajan wis yuswane sepuh.

#### Strukture Teks Artikel

1. **Irah-irahane artikel**, kuwi lumrahe wis ditulis, nanging uga ana sing ora ditulis. Yen ana artikel sing iraha-irahane ora ditulis, mula tugasmu menahi judhul sing trep karo isine.
2. **Pambuka** (pangiring), manggone ing paragraf kapisan ing wiwitane artikel kang mujudake andharan penting kang didadekake dhasar (lelandhesan) kanggo ngandharake isine artikel. Bagiyane pambuka iki isine andharan ngenani prastawa, pranyatan, lan rerangkening kedadeyan jroning artikel sing ditulis.
3. **Isi**, mujudake bagiyane sing paling penting jroning proses panulisan artikel jalaran sakabehing masalah kudu diterangake. Jroning bagiyane isi awujud andhahran eksplanasi utawa njelasake kanthi gamblang lan jangkep ngenani bab-bab sing kudu diandharake.
4. **Panutup** (dudutan), mujudake perangan kang pungkasan jroning artikel kang kena diarani antiklimaks. Jroning panutup isine ukara-ukara kunci kang ngringkes sakabehing andharan kang awujud dudutan (kesimpulan) sing ringkes lan jelas.

